

PASINAON MAOS PARAGRAF AKSARA JAWI

(Studi Kasus ing Kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong Boyolali

Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2015/2016)

TESIS

Kangge Anjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajet Magister

Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



Kaanggit dening

**Sarwono
NIM 14PSC 01595**

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN

2016

PASARUJUKAN
PASINAON MAOS PARAGRAF AKSARA JAWI
(Studi Kasus ing Kelas VIIIG Semester 1
SMP Negeri 1 Andong Boyolali, Tahun Pelajaran 2015/2016)

Dening

Sarwono

NIM.14PSC01595


Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Pamong 1

Tapak Asma

Tanggal



Dr. Sudaryanto
NIK.691 2002 258



14/6/16

Pamong 2

Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP.19600412 198901 1 001



Kauningan

Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP.19600412 198901 1 001





PANGESAHAAN
PASINAON MAOS PARAGRAF AKSARA JAWI
(Studi Kasus ing Kelas VIIIG Semester 1
SMP Negeri 1 Andong, Tahun Pelajaran 2015/2016)

Dipunanggit dening


Sarwono

NIM 14PSC01595


Sampun dupunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji:

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	: Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum. NIP. 19591004 198603 1-002	 21/4/2016
Panitra	: Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421 198703 2 002	
Panguji I	: Dr. Sudaryanto NIK. 691 200 258		18/11/16
Panguji II	: Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. NIP. 19600412 198901 1 001		19/4/2016

Kauningan,



Ketua Program Studi



Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Sarwono

NIM : 14PSC01595

Jurusan/Program Studi : Pendidikan Bahasa

Fakultas : Program Magister

matelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun:

PASINAON MAOS PARAGRAF AKSARA JAWI (Studi Kasus ing
Kelas VIIIG SMP Negeri 1 Andong Boyolali Semester Ganjil Tahun
Pelajaran 2015/2016.)

menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing
salebetung tesis punika dipunsukani tandha sitasi lan dipuntedahaken ing
salebetung kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika mboten
leres, kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar Magister
Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten. Juni 2016

Ingkang damel pratela



Sarwono

MOTTO

Ing ngarsa sung tuladha ing madya mangun karsa
tutwuri handayani

(Ki Hajar Dewantara)

PISUNGSUNG

Tesis punika kula pisungsungaken dhumateng

1. Bapa saha Ibu
2. Endang Sulistyarini, Raditya Dwijawana Angga Adinata, S.Pd, Rara
Anggita Wananingsih, Amd.Kep. Sri Ari Setyaningsih, S. Pd. ingkang
tansah paring panjurung.

ATUR PANGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Pangeran Ingkang Maha kawasa, karana lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis ingkang irah-irahanipun “Maos Paragraf Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIIIG SMP Negeri 1 Andong, Semester Ganjil, Tahun Pelajaran 2015/2016)” Tesis punika kaanggit minangka satunggaling syarat kange nggayuh drajat Magister Pendidikan, Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Karana tesis punika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd, Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring *Fasilitas*.
2. Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd. Direktur Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. Ketua Program Studi Magister Pendidikan, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis punika, lan minangka pamong 2, igkang sampun nuntun kanthi sabar lan tlaten.
4. Dr. Sudaryanto minangka dosen pamong 1, ingkang sampun paring pangarah dalam panuntun salebetung nyekapaken tesis punika.

5. Sutomo, S.Pd, MM. Kepala SMP Negeri 1 Andong, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
6. Sedaya pihak ingkang boten saged panaliti sebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis punika saged kacekapaken

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis punika, ewa semanten panaliti namung titah sawantah mboten uwal saking kekirangan ingkang punika panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, Juni 2016

Panaliti

Sarwono
NIM.14PSC01595

DHAPTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAPTAR ISI	ix
DHAPTAR TABEL	xiii
DHAPTAR GAMBAR	xiv
DHAPTAR LAMPIRAN	xv
SARI PATHI	xvi
ABSTRAK	xvii
<i>ABSTRACT</i>	xviii
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Idhentifikasining Prakawis	5
C. Wewatesaning Prakawis	6
D. Rumusaning Prakawis	6
E. Ancasing Panaliten	7
F. Mumpangating Panaliten
	7

BAB II LAMBARAN TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT, LAN RAGANGANING PAMIKIR	9
A. Lambaran teori	9
1. Pasinaon	9
a. Wredining pasinaon	9
b. Ancasing Pasinaon	11
c. Modhel Pasinaon	12
d. Pambijining Pasinaon	13
2. Maos Paragraf	13
a. Pangertosan lan Ancasing Maos	13
b. Jinising Maos Paragraf	15
c. Aspek- aspek Maos Paragraf	15
d. Ancasing Pasinaon Maos Paragraf	16
e. Maos Paragraf Aksara Jawi	16
3. Ukara lan Paragraf	18
a. Pangertosan Ukara	18
b. Pangertosan Paragraf	19
c. Jinising Paragraf	20
4. Aksara Jawi	22
5. Makna filosofi Aksara Jawi	36

B. Panaliten Ingkang Gayut	37
C. Raganganing Pamikir	39
BAB III METODHOLOGI PANALITEN	41
A. Papan, lan Wekdaling Panaliten	41
B. Wujud lan Strategining Panaliten	42
C. Jinising Dhata lan Sumbering Dhata	43
D. Teknik Ngempalaken Dhata	43
E. Validitas Dhata	47
F. Teknik Analisis Dhata	47
G. Studi Kasus	50
BAB IV ASILING PANALITEN LAN PANGREMBAGIPUN	52
A. Dhata ingkang kapanggihaken	52
1. Rancangan Pasinaon	53
2. Caranipun Pikantuk Dhata Utama	55
3. Pratelan Idhentitas Dhata	55
4. Caranipun Pikantuk Unit Dhata Utama (Udhaut)	60
5. Unit Dhata Utama (Udhaut) ing panaliten	62
B. Pangrembagipun	74
1. Pangrembagipun Udhaut	74
2. Pangrembagipun Asiling Wawan rembag, silabus, Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), lan Evaluasi.	116

C. Rangkuman	129
BAB V PANUTUP	131
A. Dudutan	131
B. Implikasi	132
C. Pamrayogi	133
1. Dhumateng guru Basa Jawi SMP	133
2. Tumraping Sekolah SMP	133
DHAPTAR PUSTAKA	135
LAMPIRAN	138

DHAPTAR TABEL

1. Aksara Dentawyanjana 22
2. Pasangan Dentawyanjana ingkang Tetep Kados Aslinipun	26
3. Pasangan Dentawyanjana Tugelan Mapan ing Wingking Aksara	27
4. Sandhangan Swara 30
5. Sandhangan Panyigeg Wanda32
6. Pangkon utawi Paten	33
7. Pada	33

DHAPTOR GAMBAR

1.	Cengkoronganing Pamikir Lampahing Pasinaon	40
2.	Modhel Langkah Nyawisaken Dhata Utama	46
3.	Modhel Analisis Dhata Utama	49

DHAPTAR LAMPIRAN

1. Profil Sekolah	138
2. Kurikulum Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa) untuk Jenjang Pendidikan SMP/SMPLB/MTs Negeri dan swasta Provinsi Jawa Tengah	142
3. Silabus Mata Pelajaran Bahasa Jawa	157
4. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Bahasa Jawa	161
5. Kriteria Ketuntasan Minimum (KKM)	167
6. Dhaftar Hadir Siswa Kelas VIIIG	172
7. Dhaftar Nilai Siswa Kelas VIIIG	173
8. Tekstualisasi Pasinaon nyerat paragraf Mawi Aksara Jawi	174
9. Cathetan Wawan rembag (wawancara) Kalihan Guru	194
10. Cathetan Wawan rembag (wawancara) Kalihan siswa	197
11. Naskah Soal tes pasinaon maos paragraf aksara Jawi	199

SARI PATHI

Sarwono, 14PSC0595, Pasinaon Maos Paragraf Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIIIG SMP Negeri 1 Andong, Semester Ganjil, Tahun Pelajaran 2015/2016.Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten 2016

Rancanganing prakawis panaliten punika: (1) kados pundi lampahimng pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing Kelas VIIIG SMP Negeri 1 Andong semester ganjil tahun pelajaran 2015/2016 saha (2) menapa sebabipun pasinaon maos paragraf aksaraa Jawi ing kelas VIIIG, semester ganjil, tahun pelajaran 2015/2016 kaleksanan kados ingkang katingal nalika observasi kaleksanakaken.

Lambaraning teori ing panaliten inggih punika : hakikat pasinaon tujuan lan lampahing pasinaon, modheling pasinaon, evaluasining pasinaon, praboting pasinaon, pangertosan lan ancasing maos, jinising maos, pangertosaning ukara, pangertosaning paragraf, jinising paragraf, aksara Jawi, maknaning filosofining aksara Jawi, lan studi kasus.

Metodhe ingkang kaginakaken inggih punika panaliten *kualitatif deskriptif* kanthi pendekatan studi kasus ing pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing kelas VIIIG SMP Negeri 1 Adong, semester ganjil, tahun pelajaran 2015/2016.

Pratelan Idhentitas Dhata (PID) kapanggihaken saking asiling observasi kanthi ngrekam utawi nyoting. Asiling rekaman dipuntektualisasi kanthi multikolom ingkang dumados saking tapak-tapak jejaring (tajering). Saben tajering ngemot setunggal tema. Ingkang salajengipun karakit dados 31 Unit dhata utama (Udhaut). Udhaut salajengipun dipunulas utawi dipunceki. Ingkang dipunceki ngengingi aspek guru, siswa, materi, metodhe, saha evaluasi.

Kantri pangoncekanipun dhata, saged dipunmangertosi: 1) Guru basa sJawi nggadhahi ijazah ingkang jumbuh kalihan ayahanipun , Guru nggadhahi pengalaman ingkang cekap kangge mucal basa Jawi. Guru sanget nguwaosi materi maos paragraf aksara Jawi. Metodhe ingkang dipun tindakaken ceramah, tanya jawab, demonstrasi lan maringi tugas siswa. 2) Metodhe tugas dipuncakaken kantri cara siswa dipundangu lajeng dipundhawuhi maos ing lembar kertas. 3) Medhia pasinaon namung ngginakaken seratan aksara Jawi wonten kertas, guru kirang nggatosaken panganggenipun medhia pasinaon. 4) Materi ingkang dipunwucalaken namung awujud ukara sanes paragraf kamangka materi ingkang sinerat ing Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) maos paragraf aksara Jawi. 5) Evaluasi ingkang dipuntindakaken mboten jumbuh kalihan tujuan pasinaon ingkang sampun katemtokaken. Tujuanipun maos paragraf, nanging soal ingkang dipunparingaken dhumateng siswa awujud ukara, prabot utawi alat evaluasi ingkang kaemot ing Rencana Pelaksanaan Pembelajaeran (RPP) mboten dipuntindakaken malah dipun gantos. 6) Siswa sampun saged maos ukara mawi aksara Jawi mangkenipun saged maos paragraf.

Adhedhasar prakawis ingkang kauningan, saged dipunpendhet dudutan bilih pasinaon kalebet “berhasil”.

Wosing tembung: Pasinaon maos paragraf aksara Jawi, panaliten studi kasus.

ABSTRAK

Sarwono, 14PSC0595, Pasinaon Maos Paragraf Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong, Semester Ganjil, Tahun Pelajaran 2015/2016. Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten. 2016.

Rumusan masalah penelitian ini adalah (1) bagaimanakah pelaksanaan pembelajaran membaca paragraf aksara Jawa di kelas VIII G SMP negeri 1 Andong, semester ganjil, tahun pelajaran 2015/2016 dan (2) apakah yang menyebabkan pembelajaran membaca paragraf aksara Jawa di kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong, semester ganjil, tahun pelajaran 2015/2016 berlangsung sebagaimana yang terjadi ketika observasi dilaksanakan.

Landasan teori dalam penelitian ini: hakekat pembelajaran, tujuan dan pelaksanaan pembelajaran, model pembelajaran, evaluasi pembelajaran, perangkat pembelajaran, pengertian dan tujuan membaca, jenis tulisan, pengertian kalimat, pengertian paragraf, jenis paragraf, huruf Jawa, makna filosofi huruf Jawa, studi kasus.

Metode yang digunakan adalah penelitian kualitatif deskriptif dengan pendekatan studi kasus pada pembelajaran membaca paragraf menggunakan huruf Jawa di kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong, semester ganjil, tahun pelajaran 2015/2016.

Pernyataan Identitas Data (PID) diperoleh dari hasil observasi dengan cara merekam atau menyotong. Hasil rekaman selanjutnya ditekstualisasi dalam bentuk multikolom yang terdiri atas tapak-tapak jejaring (tajering). Setiap tajering mengandung satu tema maka tersusunlah PID. Dalam penelitian ini ada 54 PID kemudian direduksi menjadi 31 Unit Data Utama (Udaut) . Udaut ini kemudian dibahas. Pembahasan mengenai aspek guru, siswa, materi, metode, dan evaluasi.

Dengan cara analisis data itu, dapat diketahui hal-hal berikut: 1) Guru bahasa Jawa memiliki ijazah yang sesuai dengan tugasnya , guru memiliki pengalaman yang cukup untuk mengajar bahasa Jawa. Guru sangat menguasai materi membaca paragraf aksara Jawa. Metode yang dilaksanakan ceramah, tanya jawab, demonstrasi dan memberi tugas siswa. 2) Metode tugas dilaksanakan dengan cara siswa dipanggil disuruh membaca di lembar kertas. 3) Media belajar hanya menggunakan tulisan huruf Jawa dikertas, guru kurang memperhatikan penggunaan media belajar. 4) Materi yang diajarkan hanya berupa kalimat bukan paragraf padahal materi yang tertulis di Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) membaca paragraf huruf Jawa. 5) Evaluasi yang dilaksanakan tidak sesuai dengan tujuan belajar yang sudah ditetapkan. Tujuan membaca paragraf, tetapi soal yang diberikan kepada siswa berupa kalimat, prabot atau alat evaluasi yang tertulis di Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) tidak dilaksanakan tapi diganti. 6) Siswa sudah bisa membaca kalimat menggunakan aksara Jawa nantinya bisa membaca paragraf.

Berdasarkan analisis itu dapat disimpulkan bahwa pembelajaran termasuk berhasil.

Kata Kunci: Pembelajaran membaca paragraf aksara Jawa, penelitian studi kasus

ABSTRACT

Sarwono. NIM : 14PSC01595. The teaching and Learning of Reading Paragraph in Javanesse Alphabetical-Letter (A Case Study on The Eighth Year Students (Class G) of Public Junior High School 1 Andong. Odd semester, Academic Year of 2015/2016). Thesis. Language Education Study Program, Magister Programme, Widya Dharma University Klaten 2016.

The problems of the study are 1) Conducting an intense observation on teaching and learning process of reading paragraph in Javanesse alphabetical-letter for the eighth year students (Class G) of Public Junior High Scool 1 Andong, Odd Semester, Academic Year of 2015/2016. 2) Finding the influencing factors of the above taching and learning activity, why it is done in such a ways.

The theoretical approaches of this study relate to the following the nature of teaching and learning, the teaching goals, the learning model, the evaluation, the learning tools, the nature of reading, types of text, the understanding of a sentence about paragraph, paragraphing (types of paragraph), Javanesse alphabetical-letter, the philosophical meaning of Javanesse alphabetical-letter, and case-study.

This is a descriptive, yet, qualitative study with a case-study as approach. The study is done in Public Junior High School 1 Andong, Odd Semester, Academic Year 2015/2016. Its eighth year students (Class G) stand as observed contituent during their learning process of reading paragraph in Javanesse alphabetical-Letter.

The statements of data-data are gathered through recorded video-shooting. The result is then to be textualized in multi-column in the form of networking-tracks. One networking-track has one theme. Further, the statements of data-unit are set. This study analyzes 54 *statements of data-unit* (PID). Those are to be reduced into 33 *main-data-unit* (Udaut). The whole 33 main-unit are analyzed based on the following constituents: the teacher, students, learning, material, teaching method, and evaluation.

Based on the data analysis, the writer can conclude that: 1) the Javanese teacher is qualified and has enough experience to teach Javanese. The teacher also masters well of how to read Javanese script paragraph. The methods which are used communication, discussion, demonstration and giving assignment to students 2) Assignment method is carried out by asking student to read Javanese script on a paper. 3) The learning media merely uses script on paper, the teacher has less attention on using other learning media. 4) The material given is only sentence not paragraph. In fact, the teacher states to teach of reading Javanese script paragraph in his lesson plan. 5) The evaluation is not relevant with the purpose in the lesson plan. The purpose is to read paragraph, but the test item is to read sentence. The evaluation instrument written in the lesson plan is not implemented but replaced. 6) The students can read sentences of Javanese script. Later, the students are able to read Javanese script paragraph.

Keywords: Learning to read Javanese script paragraph, A case study.

BAB I

PURWAKA

A. Lelaraning Prakawis

Wulangan basa Jawi kalebet wulangan muatan lokal wonten ing KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) wulangan muatan lokal kangge jenjang pawiyatan *Dasar* lan *Menengah* umum/kejuruan/khusus cacahing jam piwulangan sami inggih punika kalih jam. Jumbuh kalihan prakawis punika, miturut Mulyasa, ingkang dipuntegesi “kurikulum” muatan lokal inggih punika.

“*Seperangkat rencana dan pengaturan mengenai isi dan bahan pelajaran yang ditetapkan oleh daerah sesuai dengan keadaan dan kebutuhan daerah masing-masing sebagai pedoman penyelenggaraan belajar mengajar*” (Depdikbud ing Mulyasa, 1999 : 5).

Saking katrangan punika mila wonten ing masyarakat Jawa Tengah inggih punika wiwit taun ajaran 2006/2007 lan salajengipun, siswa SMA dipunparangi piwulangan basa Jawi. Prakawis punika nggambarkeraken menawi Pemerintah Jawa Tengah serius nanggapi prakawis pendidikan. Salah setunggaling prakawis piwulangan wonten ing *pendidikan formal* (sekolah) inggih punika taksih andhapipun *daya serap* siswa ingkang ndadosaken hasil pasinaon siswa andhap sanget, prakawis punika dipunsebabaken kawontenan piwulangan ingkang sifatipun tradisional. Piwulangan tradisional punika mboten paring *motivasi* kangge siswa supados ngrembaka/berkembang piyambak kanthi proses pikiranipun. Kathah dwija ingkang langkung remen ngginakaken metodhe piwulangan ingkang konvensional jalanan mboten ngginakaken piranti/alat lan bahan praktek, cekap njlentrehaken konsep-konsep ingkang wonten ing buku ajar kemawon. Jumbuh kalihan prakawis ing nginggil miturut Syaiful Aswan, wonten

ing piwulangan ingkang ngginakaken metodhe tradisional wonten kekiranganipun inggih punika.

“1. *Bila selalu digunakan dan terlalu lama, membosankan.* 2. *Menyebabkan siswa menjadi pasif.* 3. *Mudah menjadi verbalisme (pengertian kata-kata)* ”.(Syaiful Aswan, 2006 : 97).

Wonten ing salebetung piwulangan ingkang ngginakaken metodhe konvensional/tradisional punika ndadosaken siswa pasif, mboten kreatif lan siswa namung mirengaken andharan dening dwija kemawon. Wonten ing kegiatan piwulangan basa Jawi punika sami kalihan proses piwulangan sanesipun inggih punika piwulangan ingkang mbetahaken metodhe. Wonten ing proses piwulangan, metodhe punika salah setunggaling piranti ingkang penting sanget jalaran metodhe punika salah setunggaling piranti kange nyawisaken bahan piwulangan wonten ing salebetung proses piwulangan. Saking keterangan punika mila dwija sakderengipun mucal kedah anggadhahi rancangan lan metodhe ingkang badhe dipunginakaken nalika piwulangan dipuntindakaken. Panganggening metodhe piwulangan wonten pinten-pinten faktor, kadosta dwija, siswa, tujuan, bahan, fasilitas lan alokasi waktu. Miturut Winarno (2006:46) wonten gangsal faktor ingkang merbawani panganggening metodhe inggih punika .

1.*Tujuan yang berbagai-bagai jenis dan fungsinya,* 2. *Anak didik yang berbagai-bagai tingkat kematangannya,* 3. *Situasi yang berbagai-bagai keadaannya,* 4. *Fasilitas yang berbagai-bagai kualitas dan kuantitas,* 5. *Pribadi guru serta kemampuan profesionalnya yang berbeda-beda.* Saking katrangan punika, dwija ngginakaken metodhe wonten ing proses piwulangan kedah nggatosaken pinten-

pinten *faktor* ingkang merbawani panganggeling metodhe punika, lan nemtokaken metodhe piwulangan ingkang badhe dipunginakaken wonten ing proses piwulangan kedah trep kalihan materinipun. Dwija kedah ngginakaken metodhe-metodhe piwulangan ingkang *efektif* supados siswa remen dhumateng basa Jawi lan siswa langkung paham anggenipun nampi materi ingkang dipunjlentrehaken dening guru. Wonten ing piwulangan basa Jawi wonten sekawan kaprigelan basa inggih punika kaprigelan maos, micara, nyemak, lan nyerat. Saking sekawan kaprigelan punika, ingkang asring dipunraosaken panyerat biji aspek maos mliginipun maos aksara Jawi punika taksih andhap. Salah setunggaling tuladha inggih punika wonten ing SMP Negeri 1 Andong kathah siswa ingkang mboten saged maos aksara Jawi kanthi lancar lan bener babagan punika saged dipunpirsani saking hasil *evaluasi* dwija wonten ing piwulangan basa Jawi. Kedadosan ingkang kados mekaten dipunsebabaken dening kekiranganipun *minat* siswa wonten ing salebeting KBM (Kegiatan Belajar Mengajar). Supados siswa *minat* kalihan piwulangan basa Jawi, dwija kedah nggadhahi metodhe piwulangan ingkang mboten damel siswa bosen (njuwarehi).

Menggahing para siswa maos paragraf aksara Jawi dipunraosaken angel utawi awrat. Aksara Jawi nglegena kemawon dereng sadaya siswa apal satemah mboten patos greget manawi dipunajak maos paragraf waosan aksara Jawi. Menawi kawigatosanipun lare anjalarai siswa mboten greget sinau lan jeleh. Ing wusaninanipun pasinaon maos paragraf aksara Jawi guru maringi garapan utawi tugas ingkang dipungarap lare wonten griya utawi sajawining jam pasinaon.

Tugas ingkang sampun dipungarap saha dipunkempalaken, mesthinipun dipuntlti guru saha mangsulaken garapan punika dhateng para siswa, anjalari siswa mboten mangertosi asilipun, siswa mboten mangertosi pundi ingkang leres lan pundi ingkang lepat. Makaten ugi pasinaon maos paragraf aksara Jawi kedah kathah praktek maosipun.

Kurikulum Basa Jawi Review 2010 ingkang lajeng dipunsusul Kurikulum 2013 ingkang sakawit piwucal basa Jawi mboten wonten karana dipungabungaken wonten ing piwucal Seni Budaya Gubernur kanthi serat edharanipun netepaken bilih wiwit SD ngantos SMA wajib paring piwucal basa Jawi. Dene wekdal ingkang dipuncawisaken namung kalih jam pelajaran saben minggunipun. Sawatawis bahan pasinaon ingkang kedah dipun paringaken kathah, mboten mligi maos paragraf aksara Jawi kemawon. Karana winatesing wekdal ingkang sumadya guru kedah saged mantha-mantha wekdal supados sedaya ingkang kaemot wonten ing kurikulum saged dipun wucalaken.

Ingkang kaandharaken ing nginggil nedahaken bilih wonten prakawis – prakawis ingkang gegayutan kalihan pasinaon maos paragraf aksara Jawi inggih karana prakawis kasebat. Panaliti badhe ngawontenaken panaliten lampahing pasinaon maos paragraf aksara Jawi. Panaliti matesi namung ngawontenaken panaliten ing SMP Negeri 1 Andong Boyolali kangge madosi sebabipun asiling pasinaon ingkang mboten maremaken utawi mboten jumbuh kalihan ingkang dipunkajengaken

SMP Negeri 1 Andong wonten ing tahun pelajaran 2015/2016 nggadhahi 21 rombongan belajar ingkang kaprinci saking kelas VII wonten 7 rombel, kelas

VIII wonten 7 rombel, kelas IX wonten 7 rombel. Rombel Kelas VIII wonten 7 inggih punika, A, B, C, D, E, F, Lan G. Panaliten mligi ing kelas VIII G.

Menapa sebabipun milih kelas VIII G? Pamilihing kelas VIII G adhedhasar tetimbangan-tetimbangan (1) umumipun sami nggadhahi panganggep bilih kelas VIII G punika kelas buntut utawi kelas bucalan (sotiran), dene kelas-kelas ngajeng kados VIII A, B lan sapiturutipun punika dipun anggep kelas pilihan utawi kelas sae, (2) Kelas VIII G punika asalipun saking kulawarga ingkang mawarni-warni, wonten ingkang saking kulawarga PNS, buruh, Wiraswasta. Pramila panaliti ngawontenaken panaliten Pasinaon Maos Paragraf aksara Jawi Studi Kasus ing Kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong Semester Ganjil Tahun Pelajaran 2015/2016.

B. Idhentifikasi Prakawis

Ngandharaken sakathahing prakawis kados ingkang sampun kababar ing nginggil panci namung badhe muspra awit saking punika prakawis ingkang dipunandharaken ing nginggil perlu dipun andharaken saha dipuntandhesaken kanthi cara dipun tintingi. Adhedhasar lelarahing prakawis ingkang sampun dipunaturaken ing nginggil saged dipuntintingi prakawis-prakawis ingkang wonten gandheng cenengipun kalihan pasinaon maos paragraf aksara Jawi kados ing ngandhap punika.

1. Pasinaon basa Jawi mliginipun babagan maos paragraf aksara Jawi kirang patos ngremenaken tumraping para siswa .
2. Mboten sedaya siswa apal aksara carakan lan pasangan aksara Jawi.

3. Cara (metodhe), pola, saha pendhekatan pasinaon ingkang dipunginakaken guru dereng ngremenaken siswa.
4. Dereng sedaya guru mata pelajaran basa Jawi jumbuh ing antawisipun pendhidhikan lan ayahanipun.
5. Sarana panyengkuyung lampahing pasinaon basa Jawi mliginipun babagan maos paragraf aksara Jawi taksih kirang sanget.
6. Kirangipun wekdal ingkang dipun cawisaken kangege mata pelajaran basa Jawi.
7. Basa Jawi mboten dipuntesaken secara nasional njalari para siswa kirang greget anggenipun sinau basa Jawi.
8. Kirangipun panyengkuyung saking tiyang sepuh tumraping siswa ing babagan mata pelajaran basa Jawi.

C. Wewatesaning Prakawis

Paneliti mboten kuwawi ngandharaken sedaya prakawis ingkang sampun dipunidhentifikasi kados ing nginggil. Kajawi punika ugi paneliten mboten saged punjer lan analisis mboten saged kaleksanakaken kanthi lebet Awit saking punika paneliti perlu netepaken wewatesaning prakawis.

Paneliti namung badhe munjeraken dhateng prakawis ingkang gayut kalihan topik, inggih punika pasinaon maos paragraf aksara Jawi kanthi tetimbangan sapunika sampun awis-awis anggitan ingkang kaserat aksara Jawi lan siswa-siswa kathah ingkang mboten saged maos paragraf aksara Jawi.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar wewatesaning prakawis ing perangan nginggil, prakawis perlu dipunrumusaken kanthi saestu murih lampahing panaliten dados cetha saha sistemik . Wondene rumusaning prakawis ing panaliten punika makaten :

1. Kados pundi titi laksana pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing kelas VIII G Semester ganjil, SMP Negeri 1 Andong tahun pelajaran 2015/2016 ?
2. Prakawis-prakawis menapa ingkang njalari pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong, Semester ganjl, Tahun Pelajaran 2015/2016 katindakaken kados dene ingkang katinggal utawi kapanggihaken nalika observasi kaleksanakaken?

E. Ancasing Panaliten

Saben kagiatan ingkang dipun lampahi kedah nggadhahi ancas ingkang tartemtu, semanten ugi panaliten kedah nggadhahi ancas, supados arah panaliten punika cetha, runtut pramila perlu dipunaturaken ancas tujuanipun kanthi cetha. Adhedhasar rumusaning prakawis panaliten punika pramila tujuanipun panaliten wonten kalih inggih punika :

1. Ngandharaken titi laksana pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong semester ganjil Tahun Palajaran 2015/2016.
2. Ngandharaken lan nerangaken sebab-sebabipun pasinaon maos paragraf aksara Jawi siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong semester ganjil Tahun Palajaran 2015/2016.

F. Mumpangating Panaliten

Asiling panaliten punika dipunjab saged mumpangati dhumateng para-para ingkang kersa maos. Asiling panaliten punika, mliginipun dhateng kalih pihak, inggih punika.

1. Mumpangat Tumraping Guru

Kanthy dipun mangertosi lampahing pasinaon maos paragraf aksara Jawi, guru saged ngleksanaken pasinaonipun ing wekdal-wekdal candhakipun kanthy langkung sae utaminipun pasinaon maos paragraf aksara Jawi lan manawi dipunpanggihaken prakawis (kasus), upaminipun kirang leresipun guru anggenipun ngayahi tugas lan kuwajibanipun ing pasinaon saged ngleresaken.

2. Mumpangat Tumraping Sekolah

Tumraping Sekolah panaliten punika dipunjab saged dipunginakaken kangge ngrembakakaken pasinaon basa Jawi ingkang langkung sae ing SMP mliginipun babagan maos paragraf aksara Jawi umumipun pasinaon mata pelajaran basa Jawi.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Wonten ing perangan pungkasan pasinaon punika, Adhedhasar pangrembagipun dhata ing Bab IV, panaliti saged ngaturaken menggah dudutanipun bilih pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing kelas VIII G SMP Negeri 1 Andong Boyolali semester ganjil, tahun pelajaran 2015/2016 katindakaken kanthi sae. Liripun sampun jumbuh kalihan RPP.

1) Guru basa Jawi ing SMP Negeri 1 Andong Boyolali nggadhahi ijazah ingkang jumbuh kalian ayahanipun (Guru saking Jurusan Bahasa sastra dan Jawa UNIVET Sukoharjo). Guru nggadhahi pengalaman ingkang cekap kangge mucal basa Jawi ing SMP Negeri 1 Andong (28 tahun). Guru sanget nguwaosi materi maos paragraf aksara Jawi katitik saking anggenipun paring tuladha caranipun nyerat lan ngungelaken tembung-tebung basa Jawi. Metodhe ingkang dipun tindakaken ceramah, tanya jawab diskusi demontrasi lan maringi tugas siswa. 2) Metodhe tugas dipuntindakaken kanthi cara siswa dipundangu lajeng dipundhawuhi maos ing lembar kertas. 3) Medhia pasinaon namung ngginakaken seratan aksara Jawi wonten kertas, mboten ngginakaken LCD (IT) kamangka kelas wonten LCD. Guru kirang nggatosaken panganggenipun medhia pasinaon. Guru mboten ngginakaken medhia pasinaon, alat peraga aksara Jawi ingkang katempel ing tembok kelas. 4) Materi ingkang dipunwucalaken namung awujud ukara sanes paragraf kamangka materi ingkang sinerat ing Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) maos paragraf aksara Jawi. 5) Evaluasi ingkang

dipuntindakaken mboten jumbuh kalihan tujuan pasinaon ingkang sampun katemtokaken. Tujuanipun maos paragraf, ananging soal ingkang dipunparingaken dhumateng siswa awujud aksara, prabot utawi alat evaluasi ingkang kaemot ing Rencana Pelaksanaan Pembelajaeran (RPP) mboten dipuntindakaken malah dipun gantos. 6. Siswa sampun saged maos ukara mawi aksara Jawi mangkenipun saged maos paragraf. Siswa kathah ingkang sampun maos paragraf aksara Jawi.

B. Implikasi

Sasampunipun kaleksanakaken analisis dhata pasinaon maos paragraf aksara Jawi saged dipun^{implikasi}aken makaten :

1. Pasinaon maos paragraf aksara Jawi ing tataran SMP saged dipun tindakaken kanthi ngginakaken bantuan IT namung kemawon guru mboten ngginakaken IT mucalipun tasih konvensional.
2. Panguwaosing guru babagan materi aksara Jawi umumipun lan ketrampilan maos aksara Jawi sampun dipuntindakaken.
3. Panaliten ing reh maos paragraf aksara Jawi saged ngindhakaken para guru basa Jawi SMP anggenipun nggayuh tugas pasianon.
4. Pasinaon kanthi metodhe tugas maos aksara Jawi adu pinter antar klompok saged nenangi greged siswa ing pasinaon maos paragraf aksara Jawi tumrap siswa SMP.
5. Tuwuhipun minat lan kreativitas siswa saged dipunsengkuyung kanthi maringi bebungah lan paukuman ingkang prayogi

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan asiling panaliten babagan pasinaon maos paragraf aksar Jawi ing kelas VIIIG SMP Negri 1 Andong. Pamrayogi ingkang saged panaliti aturaken inggih punika .

1. Dhumateng guru basa Jawi SMP

- a. Guru kedah nyamektakaken ayahanipun kanthi sae upaminipun nguwaosi materi kanthi sregep nyinau buku-buku referensi ingkang gayut kalihan materi pokok.
- b. Guru kedah ngrakit lumadining pasinaon kanthi pendekatan pasinaon ingkang kreatif inovatif satemah mboten njuwarehi.
- c. Guru kedah nyawisaken perangkat evaluasi kanthi saksae -saenipun saha kajumbuhaken kalihan tujuan utawi ancasing pasinaon.
- d. Guru kedah mbudidaya tansah paring motivasi lan asring maringi tugas dhateng siswa supados purun sinau lan maos aksara Jawi mboten namung ngleresi wonten jam pelajaran kemawon.
- e. Guru kedah nuhoni Rencana Pelaksanaan Pembelajaran ingkang sampun kadamel lan dipundadosaken garan anggenipun ngleksanakaken pasinaon kangge nggayuh tujuan pasinaon ingkang sampun katemtokaken.

2. Tumraping Sekolah SMP

- a. Sekolah kedah maringi kelonggaran dhumateng guru kangge nambah kawruhipun kanthi cara ndherek kuliah ing tataran sangginggilipun, Musyawarah Guru Pelajaran (MGP), lan pelatihan, satemah saged ningkataken seserepan lan profesional guru .

b. Sekolah kedah nyamektakaken piranti pasinaon ingkang trep, umpaminipun buku-buku penunjang, tape recorder, LCD ingkang cekap kangge lancaripun pasinaon.

DHAPTOR PUSTAKA

- Anitah, Sri. 2008. *Strategi Pembelajaran di SD*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Anurrahman. 2010. *Belajar dan Pembelajaran*. Bandung : Alfabeta.
- Arikunto, S & Jabar. 2004. *Evaluasi Program Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara
- Ciptoprawiro, Abdulah 1986. *Filsafat Jawa*, Semarang : Media Wiyata.
- Darmiyati-Zuchdi. 008. *Strategi Meningkatkan Kemampuan Membaca*. Yogyakarta: UNY Press.
- Darusuprapta, 1996. *Pedoman Penulisan Aksara Jawa*, Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Djamarah, Syaiful Bahri & Aswan Zain, 2006. *Strategi Belajar-Mengajar*. Banjarmasin: Rineka Cipta.
- Gubernur, 2010. *Kurikulum Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa Untuk Jenjang Pendidikan SD/SDLB/MI dan SMP/SMPLB/Mts Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah)* Semarang Dinas Pendidikan.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *30 Metode Pembelajaran Bahasa dan Sastra Jawa*. Yogyakarta: KUNTUL Press.
- Haryadipura, KRT. 2000. *Susuluh Seratan Jawi*. Surakarta Sanggar Pasinaon Pambiwaro Karaton Surakarta Hadiningrat.
- Margana, 1995. *Marsudi Basa Jawi*. Surakarta: CV Handayani.
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mulyana, 2005. *Kajian Wacana: Teori. Metode dalam Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Mulyasa, E. 1999. *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Ngadi, 2013. Pasinaon maos Paragraf Aksara Jawi (Studi Kasus ing Kelas VIII F SMP Negeri 2 Klaten Tahun Pelajaran 2012/2013), *Tesis Pascasarjana* Universitas Widya Dharma Klaten.

- Padmosoekotjo, 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: CV Citra Jaya Surabaya.
- Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Republik Indonesia Nomer 41 Tahun 2007, tentang *STANDAR PROSES untuk Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah*. BSNP Jakarta.
- Ponisih , 2009. Pembelajaran Membaca Huruf Jawa Studi Kasus di Kelas VIII E SMP Negeri 23 Purworejo, *Tesis Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten*.
- Poerwodarminta, WJS. (1995) *Kamus Umum Bahasa Indonesia*, Balai Pustaka, Jakarta.
- Rahardjo, Susilo & Gudnanto. (2011). *Pemahaman Individu Teknik Non Tes*. Kudus: Nora Media Enterprise.
- Rahim, Farida. 2005. *Pengajaran Membaca di Sekolah Dasar*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Rusman. 2011. *Model – Model Pembelajaran Mengembangkan Profesionalisme Guru*, Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.
- Sanusi, Uwes, 2003, *Visi dan Pondasi Pendidikan*, Jakarta: Logos Wacana Ilmu dan Pendidikan.
- Sardiman. 2010. *Interaksi dan Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Surakhmad, winarno. 2006. *Pengantar Penelitian Ilmiah: Dasar, Metode, Teknik*. Bandung: Tarsito.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu, 1989. *Paramasastra Jawa*, Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2010, *Parama Satra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Slameto. 2010. *Belajar dan Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Sudaryanto, 2011. *Cerdas Menulis Karya Ilmiah*. Klaten: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma bekerja sama dengan Yayasan Ekalaya.
- Suparlan, 2006. *Menjadi Guru efektif*. Yogyakarta: Hikayat Publishing.

- , 2006. *Guru Sebagai Profesi*. Yogyakarta: Hikayat Publishing.
- Sutarjo, Imam, 2008. *Kawruh Basa saha Kasusastran Jawi*. Surakarta Jurusan Sastra Daerah Fakultas Sastra dan Seni Rupa Universitas Sebelas Maret.
- Suprijono, Agus. 2010. *Cooperative Learning*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Suyitno. 2006. *Prigel Maos*, Semarang.
- Syaiful, Aswan. 2006. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta : Rineka Cipta
- Tampubolon, D. P. 1993. *Mengembangkan Minat dan Kebiasaan Membaca pada Anak*. Bandung: Angkasa.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Berbicara sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung : Angkasa.
- , 1986. *Membaca sebagai suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- , 1989. *Metode Pengajaran Bahasa*. Bandung: Angkasa
- , 1993. *Menyimak Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- , 2008. *Membaca sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Walgito, Bimo. (2010). *Bimbingan dan Konseling Studi & Karir*. Yogjakarta: Andi.
- Wasana, 2011. *Trampil Maca lan Nulis Aksara Jawa*. Klaten: Cakrawala Baru
- Winkel, WS & Hastuti, Sri. (2004). *Bimbingan dan Konseling di Institusi Pendidikan*. Yogjakarta: Media Abadi.
- Yin, Robert K. 2002. *Studi Kasus, Desain dan Metode* diterjemahkan oleh M. Djauzi Mudzakir, Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Zuriah, Nurul, 2006. *Metodologi Penelitian Sosial dan Pendidikan, Teori Aplikasi* Jakarta: PT Bumi Aksara.